

Epatit B ak Sante Kominotè

Kòm pwofesyonèl sante kominotè, ou nan pozisyon inik pou w aji kòm yon gid sante ak yon sous fyab nan bay enfòmasyon sante pou manm kominote a. Ou ka ede nan pwoteje kominote a nan bay enfòmasyon sou risk ak estrateji pwoteksyon pou epatit B! Se pou w fyè ranfòse manm kominote yo pou yo pran kontwòl sante yo!

Men enfòmasyon sou epatit B ou ka pataje ak manm kominote w la:

Kisa epatit B ye?

Epatit B se yon viris komen ki afekte 300 milyon moun nan tout mond lan. Li ka swa egi (Dire mwens pase 6 mwa) swa kwonik (li dire tout lavi w). Anpil moun pran l depi yo tibebe oswa timoun.

Ki efè epatit B kwonik la genyen?

Epatit B kwonik la afekte fwa a negativman, li koz maladi fwa ak kansè apre yon sèten tan. Souvan, sentom yo pran anpil ane pou yo parèt, donk li enpòtan pou w fè tès menm si w pa gen sentom.

Gen gerizon pou epatit B?

Kounya a, pa gen gerizon. Sepandan, yo ka jere epatit B epi moun yo ka viv ak viris la pandan lontan e mennen vi an sante. Genyen tou yon bon vaksen pou epatit B ki san danje.

Kòman epatit B transmèt?

Epatit B ka transmèt nan kèlke fason: Kontak san dirèk, manman a pitit pandan nesans, Pataje materyèl ijyenik familyal (razwa, bwòs dan, elatriye.), pataje egui, ekspozisyon swen sante, sèks san pwoteksyon, tatou, pèsing, kwafè ak sikonsizyon.

Epatit B ka transmèt nan kontak okazyonèl?

Epatit B PA transmèt nan: Pataje manje, pataje dlo (yon gode oswa nan douch), Touse oswa estènen, bay timoun tete, kenbe men, oswa bay akolad e bo.

Kouman manm kominote a ka pwoteje tèt yo de epatit B?

Manm kominote a dwe teste pou epatit B epi swiv gid jesyon yo si yo gen viris la. Pou sila a yo ki pa gen epatit B, vaksinasyon, fè sèks ak pwoteksyon, pa janm manyen san, san mete gan, e pa janm pataje materyèl ijyenik familyal oswa egui, sa yo se bon pratik pou diminye risk pou w pran epatit B.

Gen estigmatizasyon sou epatit B e li vital pou w pwopaje enfòmasyon egzat.

••••• Ou gen pouvwa pou w konbat estigmatizasyon epi sove lavi! •••••